Yon Prensip Lidèchip

Presyon

"Ou se yon moun ki pòv si w pa kapab sipòte presyon malè." Pwovèb 24:10

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Genyen yon diferans ant viv anba presyon epi viv anba estrès, men 2 mo sa yo sanble nan plizyè fasony. Estrès sòti nan gen twòp bagay sou tèt ou, oswa w pran nan pèlen, ousinon w sènen nan yon kwen; se lè nou pa kapab wè bout tinèl la, men nou pa kapab fè bak nonplis. Gendefwa nan biznis nou koumanse yon bagay ki pa mache, men konsekans si w t a kite pi grav pase si w kontinye. Sa kreye estrès. Li kapab touye nou. Yon lòt kote, presyon se plis yon chwa. Nan espò, nou pouse tèt nou. Nan biznis nou fè twòp randevou epi nou ap eseye fè twòp bagay alafwa. Anjeneral nou enflije tèt nou presyon. Nou pa t a genyen pou jwe oswa travay di konsa, men nou chawzi fè sa lè nou fikse twòp objektif ousinon nou vle genyen twòp. Alafen, presyon gendwa tounen estrès, men nan anpil sitiyasyon sa yo nou kapab reajiste objektif nou e menm itilize yon pòt padèyè kote pagen presyon si nou vle. Yo idantifye lidè prevwayan ak karakteristik sa yo:

1. Yon genyen yon vizyon.

2. Yon genyen yon dezi.

3. Yo lite ak defi.

Donk, si w vle vin yon bon lidè, ou dwe aprann viv ak presyon. Gen 2 kalite lidè: youn ki prevwayan epi lòt la ki retwoaktif. Toulede ap afwonte presyon. Lidè prevwayan a gade devan pou l wè sa k ap vini epi li bay tèt li ak lòt moun presyon pou yo reyalize objektif yo ousinon evite yon dezas. Lidè retwoaktif la, limenm, li reyaji lè dezas la fin fèt, sa ki lakòz anpil presyon epi menm estrès.

Lidè prevwayan fè wout pou lòt moun swiv. Yo geny yon vizyon sa ki gen pou fèt k ap menmen yo. Pou yomenm, fè travay la pi enpòtan pase pri oswa presyon sa va koute pou reyalize objektif yo. Yo va jere pwoblèm lòt moun pè epi ap evite. Genyen nan zanmi yo ki va ri epi ki va di sa pa kapab fèt. Men lidè sa yo wè lavni ; yo wè bagay yo jan pou yo ta ye--- oswa t a kapab ye—epi yo lite pou reyalize yo. Yo pran chans fè sa lòt p ap fè. Yo va kontinye kous la lè lòt moun ap kite, travay lè lòt moun ap jwe, epi mache kote lòt moun pè. Yo chwazi viv toutan sou presyon. Yo t a kapab ralanti, ranvwaye randevou, oswa fikse objektif ki pi piti, men yo vle reyisi. Yo lite pandan y ap viv anba presyon.

Pa genyen moun ki fèt tou lidè. Majorite nan noumenm genyen potansyèl la men se sèlman kèk nan noumenm ki va peye pri a oswa viv anba presyon. Bon lidè pran risk, sa ki lakòz presyon: yo deside jere pwoblèm ki bare chimen objektif oswa desten yo. Se dezi yo k ap menen yo epi yo wè pwoblèm tankou obstak, pa tankou mi. Pou yo menm lavi se yon jwèt simonte pwoblèm, epi presyon se yon kondisyon pou ranpòte laviktwa. Yo vin sitèlman abitye ak li lavi sanble l pa kòrèk san li. Yo konnen san defi pa genyen reyalizasyon, epi san presyon, pa genyen pwogrè.

Annou priye pou nou genyen bon lidè ki kapab jere presyon epi rezoud pwoblèm yo—kounye an epi nan lavni—lidè ki va defye estatiskwo, epi ki va pran chans kanpe tankou poto mitan laverite nan kominote nou ak nan lemonn nou an, lidè ki genyen rèv ki kapab reyalize epi ki pa pè presyon.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlòpman karaktè:
Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Yon bagay ki komik sou zafè lide: yo pa mache si w pa mete yo anpratik.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete ☐ Pa konplete ☐